



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB AK SIPÒ KI GEN 270 INITE NAN STATEN ISLAND

Bilding 12 etaj ki fèk konstwi a gen 138 apatman pou granmoun aje ki te sanzabri anvan ak sèvis sipò

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman The Pearl, yon nouvo devlopman lojman abòdab pou itilizasyon miks ki gen 270 inite nan katye Bay Street Corridor la nan Staten Island. Pwojè 155 milyon dola a gen ladan 138 apatman pou granmoun aje ki te sanzabri anvan ak sèvis sipò sou plas, ak espas pou vann an detay. Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève plis pase 500 lojman nan pri abòdab nan Staten Island. The Pearl kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"The Pearl se yon bèl egzanp sou fason ogmante rezèv lojman kapab pwoteje Nouyòkè ki pi vilnerab yo kont sityasyon sanzabri, ranfòse kominote yo, epi amelyore kalite lavi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman sa a debloke plis opòtinite pou fanmi yo gen yon nouvo kay ki an sekirite epi pou granmoun aje yo gen kote ki konfòtab ak estab pou yo viv ke yo merite."

Yo mete apa tout apatman yo nan The Pearl ki devlope pa BFC Partners ak Selfhelp Realty Group, pou kay ki touche jiska 80 pousan Revni Mwayèn Zòn lan. Building 12 etaj la gen ladan 10,000 pye kare espas pou vann an detay nan premye etaj la. Ekipman rezidansyèl yo gen ladan teras sou do, yon zòn kondisyònman fizik, yon chanm timoun ak espas pou aktivite deyò.

Apatman ki bay sipò yo benefisye yon prim Inisyativ Lojman Sipò Empire la ke Depatman Sante Eta Nouyòk la administre. Sèvis sipò Selfhelp ofri yo gen ladan pwogram byennèt mantal ak fizik, atelye sou nitrisyon, ak transpò bay founisè swen sante yo.

Devlopman ki trè efikas an enèji a te sètifye anba Enterprise Green Communities ak kritè Energy Star EPA yo. Mezi efikasite yo enkli aparèy Energy Star, aparèy ekleraj

LED, refwadisman ki gen gwo efikasite, chofaj, sistèm dlo cho ak vantilasyon, ak penti ki fèb an VOC.

The Pearl anndan Bay Street Corridor, ki bay rezidan yo aksè fasil ak Wout Ray Staten Island, swen sante ak sèvis detay, epi li konplete zòn Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Staten Island lan, ki vize ogmante rezèv lojman epi kreye yon kominote ki favorab pou pyeton, ki akse sou transpò piblik ak lojman, travay, ak biznis lokal yo.

Finansman Eta enkli 45.6 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman ki pral jenere 66.8 milyon dola nan fon pwòp; ak 1.4 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la. Anplis, sit la te patisipe nan Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) la ki gen siksè epi li te vin elijib pou kredi taks Depatman Taks ak Finans Eta Nouyòk la pral bay.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la, RuthAnne

Visnauskas, te deklare "The Pearl la pote 270 bon jan kalite kay nan Staten Island ki kenbe granmoun aje yo ak fanmi yo an sekirite, pandan y ap ofri aksè ak ekipman ak sèvis ki ba yo chans pou yo pwospere. Devlopman sa a konplete investisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta Nouyòk la epi amelyore Plan Koridò Katye Bay Street la pou konekte katye yo epi kreye yon kominote dinamik ki favorab pou pyeton. Mèsi Gouvènè Hochul pou vizyon li ak angajman li pou amelyore abòdabilite pou Nouyòkè yo atravè Empire State ak BFC Partners ak Selfhelp Realty Group pou travay yo fè pou konplete devlopman ki pote transfòmasyon sa a."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk ap priyorize lojman ak sèvis sipò yo priyorite pou popilasyon vilnerab yo. Lojman se youn nan detèminan sante sosyal ki pi fondamantal, epi The Pearl montre angajman Eta a pou ekite sante ak byennèt Nouyòkè yo."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk la, Sean Mahar, te deklare, "Transfòmasyon ansyen sit endistriyèl yo an lojman abòdab se yon mak nan Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Eta Nouyòk la, ki ap netwaye polisyon anviwònmanal epi sipòte efò revitalizasyon lokal yo. Pwojè The Pearl nan Staten Island se dènye gwo egzansyon sou fason pwogram ki pote siksè sa a ap ranfòse angajman Gouvènè Hochul pou konstriksyon lojman abòdab nan tout eta a pou benefisye kominote ki pa jwenn ase sèvis yo pandan y ap sipòte misyon DEC pou pwoteje sante piblik ak anviwònman an."

Manm Asanble Charles D. Fall te deklare, "Se yon moman fyète pou wè 475 Bay Street ouvri pòt li, sa k ap pote lojman abòdab ki nesèsè anpil pou granmoun aje ki merite yon kote ki an sekirite, ki estab pou yo rele lakay yo. Gras a BFC Partners ak tout moun ki enplike yo, pwojè sa a asire granmoun aje nou yo ka viv avèk diyite ak sekirite isit la nan Staten Island."

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "The Pearl k ap ouvri pòt li yo pral bay lojman konfòtab, ki an sekirite ki satisfè bezwen granmoun aje ki pi vilnerab nou yo. Granmoun aje nou yo merite opòtinite pou yo vyeyi an plas, epi mwen kontan selebre ouvèti li a ak kominote Stapleton lan. Mwen pa ka tann pou mwen wè tout rezidan li yo ap viv poukont yo ak sipò ak resous yo bezwen pou yo rete konekte ak kominote yo pou ane k ap vini yo."

Direktè Depatman Planifikasyon Vil Nouyòk, Dan Garodnick, te deklare, "Lè City Planning te kreye Plan Katye Bay Street Corridor a ansanm ak kominote a, The Pearl se te egzakteman kalite bilding nou te espere wè depi byen bonè. Avèk kay abòdab, ki gen ladan sa yo ki dedye a granmoun aje ki gen revni fèb, espas piblik ouvè, ak opòtinite travay, nouvo devlopman sa a se yon gwo premye etap nan direksyon pou yon Bay Street ki pi dinamik ak ekitab. Se yon viktwa pou katye a, minisipalite a ak vil la."

Joseph Ferrara, pou BFC Partners, te deklare, "Antanke natif Staten Island, mwen ekstrèmman fyè pou m pote solisyon devlopman iben ki santre sou kominote a nan minisipalite nou an. Sekirize lojman esansyèl pou moun ki nan bezwen yo se yon gwo rekonpans, epi ouvèti The Pearl make yon etap enpòtan nan direksyon enklizivite, sa ki demontre angajman nou an pou lojman aksesib pou tout moun."

Direktris Egzekitif Selfhelp Realty Group, Lisa Trub, te deklare, "Selfhelp fyè dèske li se yon patnè devlopman ak founisè sèvis sosyal pou The Pearl. Ansanm ak BFC Partners, n ap pote kay ki nesèsè anpil ak sèvis entegre pou granmoun ki vilnerab yo nan Staten Island. Nou konnen granmoun ka vyeyi ak diyite lè yo gen yon lojman ki estab ak abòdab ak sèvis sou plas ki satisfè bezwen yo epi ki respekte eksperyans lavi yo."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo. Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 45,000 kay jiska dat.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou jwenn aksè nan jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Nan jou sa a, plis pase 225 kominote te sètifye, enkli Vil Nouyòk.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)